



Pou Piblikasyon Imedya: 15/05/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NEW YORK AP PATISIPE NAN INISYATIV
APLIKASYON LWA SOU SENTI SEKIRITE 50 ETA CHAK ANE A APATI 18 ME**

***Nan kad Kanpay “Click It or Ticket – Border to Border” a, Vyolasyon pou Tache
Pasaje Ka Lakòz Twa Pwen sou yon Lisans Chofè***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse yon represyon sou chofè ak pasaje yo pran san yon senti sekirite tache oswa kap transpòte timoun ki pa tache nan kad mobilizasyon aplikasyon *Click It or Ticket – Border-to-Border* nasyonal la ki pral lanse nan dat 18 me rive dimanch 31 me. Anba lòd Gouvènè a, Depatman Transpò Eta a ak Thruway Authority kowòdone divès afichaj mesaj ki pou aktive ansanm ak mesaj “click it or ticket” sou wout yo pandan tout kanpay la.

Nan lane 1984, New York te premye eta nan peyi a ki vote lwa ki mande pou chofè ak pasaje ki chita devan itilize senti sekirite yo. Depi lè sa, plizyè milye vi te sove ak senti sekirite ak attach pou timoun nan New York kote te gen 467 nan lane 2012 ak 446 nan lane 2013.

“Prè la parèt aklè – senti-sekirite sove lavi moun,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Kokenn ogmantasyon sekirite sou wout ka fèt jis aj yon klik yon senti sekirite epi kanpay sa ankouraje tout Nouyòkè bouklir senti yo pou evite trajedi.”

Nan kad aktivite aplikasyon lwa nasyonal sa, New York State Police, ajans aplikasyon lwa onivo konte ak minisipal nan machin make ak sa k pa make pral bay kontravansyon devan dèyè bay chofè ki pa tache senti yo kap vwayaje sou wout eta a jiska pwen kontwòl fwontyè epi ak veye detay pou jwenn vyolasyon senti sekirite. Kanpay chak ane sa se youn nan anpil inisyativ sekirite sikilasyon Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a sponsorize pandan tout lane.

Jounen jodi a, 91 pousan moun nan machin New York tache senti yo, sa k reprezante kat pousan pi wo pase mwayèn nasyonal la. Moun nan machin New York kenbe yon to itilizasyon senti sekirite 90 pousan oswa plis ankò depi lane 2010. Malgre reyalyasyon sa, apeprè 32 pousan nan moun ki chita devan yo ki te mouri nan aksidan nan Eta New York ant lane 2011 ak 2013 pa te tache.

Kanpay *Click It or Ticket* nasyonal NHTSA te devlope a konsantre sou sove lavi atravè ankourajman l ap bay tout moun nan machin yo pou yo tache senti sekirite yo. Dapre

NHTSA, te genyen 9.580 pasaje machin ki pa te tache ki te mouri nan aksidan nan peyi Etazini nan lane 2013. *Pou kore mobilizasyon nasyonal la, New York State Police ajans lapolis onivo konte ak minisipal pral fè yon detachman border-to-Border* soti 6 pm rive 10 pm nan dat 18 me. Òganizasyon lapolis nan eta vwazen -- Connecticut, Massachusetts, New Jersey, Pennsylvania ak Vermont – pral patisipe tou nan aktivite mobilizasyon an. Objektif kanpay *Click It or Ticket* la se pou bese kantite moun ki mouri nan Eta New York ak nan tout peyi a, atravè ranfòmisman aplikasyon lwa sou itilizasyon senti sekirite ak plis sansibilizasyon piblik.

Dapre Depatman Sante Eta New York, apeprè 700 chofè ki pat tache nan yon mwa blese grav kote ka yo nesesite tretman lopital. Nan lane 2011, 8.309 moun nan machin nan Eta New York ki pa te mete senti sekirite yo te bezwen ospitalize pou blesi yo te sibi nan yon aksidan. Tretman blesi sa yo te okazyone prèske \$127 milyon depans nan sal dijans ak ospitalizasyon, epi lajan piblik te nesesè pou peye 12 pousan (apeprè \$16 milyon) nan depans sa yo.

Enfòmasyon ki soti nan Depatman Machin ki gen Motè Eta New York montre lapolis nan tout eta a te bay apeprè 198.000 kontravansyon chofè nan lane 2014 pou yon vyolasyon 1229-c nan Lwa Sou Sikilasyon ak Machin ki mande tout moun ki chita devan ak pasaje ki poko gen laj sèz lane, pou yo tache ak yon senti sekirite.

Institute for Traffic Safety Management and Research (ITSMR), yon òganizasyon ki pap fè lajan kap travay pou amelyore sekirite sou otowout nan New York, di moun ki chita devan itilize mwen souvan senti yo lannwit pase pandan lajounen, epi moun ki chita devan ki pa tache eki mouri oswa blese nan aksidan te gen plis chans pou yo se gason pase fi (63% kont 37%). Pi gwo kantite moun ki te chita devan san tache ki te mouri oswa blese nan aksidan te gen ant 30 ak 39 lane (19%) ak 40 ak 49 lane (15%).

Eleman enpòtan nan Lwa sou tache Moun nan Machin Eta New York la:

- Nan plas devan, chofè ak chak pasaje dwe mete yon senti sekirite, youn senti pou chak moun. Chofè a ak pasaje devan ki gen 16 lane oswa plis ka pran kontravansyon ki rive \$50 pou schak enti ki pa tache.
- Chak okipan, san konsiderasyon laj oswa pozisyon yo chita, nan yon machin ki gen motè ki gen yon chofè ak yon Pèmi Daprann Class-DJ oswa Lisans Class-DJ dwe tache ak yon dispozitif sekirite.
- Chak pasaje ki poko gen 16 lane dwe mete yon senti sekirite oswa itilize sistèm atach sekirite pou timoun kòm sadwa. Sistèm atach la dwe respekte rekòmandasyon wotè ak pwa timoun lan jan fabrikan di pou fè l la. Depandan gwo timoun lan, sistèm atach la ka yon chèz sekirite oswa yon chèz ki bay wotè yo itilize ansanm ak yon senti pou kwis ak zepòl.
- Chofè a dwe asire l chak pasaje ki poko gen 16 lane respekte lwa a. Chofè a ka pran kontravansyon \$25 rive \$100 epi resevwa jiska twa pwen amann sou lisans chofè li pou chak vyolasyon.

Sipèentandan New York State Police Joseph D'Amico te di konsa, "Statistik montre senti sekirite ki tache sove lavi epi diminye kantite blesi ki gen pou wè ak aksidan. Atach sekirite se pa si w vle nan New York. Si yon Twoupè jwenn yon chofè oswa yon pasaje ki chita devan san yon senti nan machin ou, oswa yon timoun ki pa byen tache, Twoupè a ap bay yon kontravansyon. New York State Police vle tout moun rive kote yo prale a anbyen."

Chuck DeWeese, Delege Adjwen Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a te di konsa, "Boukle senti se youn nan fason pi senp moun ak pasaje yo ka pwoteje tèt yo nan aksidan. Sak rive, pami chofè ki enplike nan yon aksidan, sa ki pa te tache yo te uit fwa plis gen chans pou yo ospitalize pase sa ki te tache yo. Mwen mande prese prese pou tout Nouyòkè boukle senti yo lè yo monte nan yon machin. Sa ka sove lavi yo."

Administratè Rejyonal NHTSA, Thomas Louizou, te di konsa, "New York te mennen peyi a nan adopsyon premye lwa sou senti sekirite peyi a nan lane 1984. Anvan itilizasyon senti sekirite te vin yon lwa primè nan dat premye janvye 1985, sèl 16 pousan nan pasaje nan plas devan te itilize senti sekirite yo. Jounen jodi a, grasadye, chif sa se 91 pousan. Ogmantasyon itilizasyon senti sekirite ede diminye lanmò aj blese grav nan Eta a. Epi, Eta a dwe kontinye ranfòse mesaj pozitif yo sou itilizasyon senti sekirite pou chofè pou chak chofè ak pasaje boukle senti yo pandan chak vwaysj, toutan."

Klike isit la pou wè yon pwen kontwòl pwoteksyon moun nan machin plizyè ajans ap fè nan fwontyè yo: <https://www.hightail.com/download/bXBZdFdUQzc1UjU4SjhUQw>

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418